



### Yon fokis sou sante ak byennèt

Chè fanmi ak kòlèg,

Nou fèk retounen soti nan vakans mwaye ivè, epi jan li pote non an, semèn lan te fè frèt anpil epi te gen anpil van—donk li vrèman enpòtan pou nou pote yon atansyon patikilye sou sante ak byennèt.

Nan Lekòl Leta Vil Nouyòk, nou gen yon apwòch global plen avèk inovasyon pou sante ak byennèt. Èske w te konnen, pa egzanp, atravè Biwo sante lekòl nou an, nou fòme an patenarya avèk Depatman sante ak ijyèn mantal, nou ofri [swen pou dan](#) ak [egzamen je](#) pou timoun? Anplis [travay sante mantal](#) nou an avèk plis pase 130 òganizasyon kominotè, nou sipòte apeprè 215 klinik sante mantal nan lekòl—epi nou ouvri 20 nouvo klinik ane sa a. Elèv gen aksè tou [pou wè enfimyè lekòl](#) oswa [ale nan sant sante lekòl yo](#); ou ka aprann plis sou bonjan travay enfimyè lekòl nou yo nan pati Atansyon espesyal Chanselye nou an pi ba a.

Pou elèv aprann, yo dwe ansante onivo fizik ak emosyonèl. Mwen te obsève sa trèbyen, kòmansè depi lè m te pwofesè ak direktè lekòl, epi kounye a kòm yon paran Lekòl Leta Vil Nouyòk. Mwen ankouraje w ale sou sitwèb nou an pou [jwenn konsèy pou rete ansante](#) nan

sezon sa a, epi pandan n ap kite sezon fredy a pou n ale nan sezon prentan an, ann kenbe sante ak byennèt kòm priyorite.

Nan kolaborasyon,

Melissa Aviles-Ramos


Chanselye

### **Atansyon espesyal Chanselye a (Chancellor's Spotlight)**

Pandan sèt ane ki sot pase yo, Dinah Henry travay kòm enfimyè lekòl nan PS 184 nan Brooklyn. Li renmen anseye abitud pou rete ansante ak sipòte elèv ki gen pwoblèm sante kwonik, espesyalman pou yo ka pase plis tan lekòl. "Pati ki bay plis satisfaksyon an," li eksplike, "se wè yon timoun ki te konn toujou absan lekòl, toujou ap ale nan sal ijans, ak/oswa entèn lopital...resevwa yon prim prezans pafè." Sezon sa a, konsèy li pou elèv ak fanmi se lave men yo souvan—se "etap ki pi enpòtan pou konbat mikwòb chak jou."

*Nonmen yon moun oswa yon pwogram pou Atansyon Chanselye a [la a](#).*

### **Videyo aktyalite nou an:**



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn "CC". Klike sou ikòn "Setting" epi chwazi "Subtitles/CC" ("soutit/CC"). Seleksyone "Auto Translate" ("Tradiksyon otomatik") epi chwazi lang ou a.

### **Nouvèl ak resous NYCPS:**

- Peryòd aplikasyon pou Pre-K ak 3-K ap fèmen jodi a, 28 fevriye. [Jwenn plis enfòmasyon ak aplike!](#)

- Pou jwenn plis nouvèl ak resous, tcheke [The Morning Bell](#) oswa suiv NYCPS sou entènèt nan [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [YouTube](#).
- Men [videyo](#) Majistra Eric Adams pou semèn lan. Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl sa a ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).